0QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, tel (061) 222-24-63, faks 222-98-30,
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

**«05» Апрель 2021 j.** **01-01/9-1649 - sanlı**

**Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңеси Баслығы
орынбасары М.Жумановқа**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Нөкис қаласы халық билимлендириў бөлимине қараслы 46-санлы қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектеби директорының орынбасары Т.Нурымбетовтың 2021-жыл 25-март күни Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығы орынбасары, Халық билимлендириў министри атына жоллаған арзасы бойынша төмендегилерди мәлим етип билдиреди:

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2019-жыл 13-майдағы "Улыўма орта билим бериў ҳаққында" ғы 292-санлы қарарының 1-қосымшасы менен тастыйықланған үлги тийкарында улыўма билим бериў мектеплериниң 9-11-класс оқыўшыларына шаҳадатнома ҳәм аттестатлар бериў белгиленген. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2019-жыл 21-майдағы 178-санлы буйрығы тийкарында 2018-2019-оқыў жылынан баслап питкериўшилерге берилетуғын аттестат (шахадатнома) бланкалары арнаўлы принтерлерде, Өзбекстан Республикасындағы барлық билимлендириў мәкемелери ушын бирдей формада шығарылғанлығы ушын Қарақалпақстан Республикасындағы оқыў басқа тиллерде алып барылатуғын (рус, қазақ, түркмен) классларда қарақалпақ тили (мәмлекетлик тил) ҳәм Қарақалпақстан тарийхы пәнлерин питкериўшиге берилетуғын аттестат (шахадатнама) бланкада көрсетиў имканы жоқ. Бул машқаланы шешиў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине 2020-жыл 16-июль сәнесинде 01-01/1-1943-санлы хат жиберилген.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018-жыл 7-октябрьдеги 361-санлы Бийлиги тийкарында 5-11-класс оқыўшылары ушын Қарақалпақстан тарийхы сабақлықларын баспадан сапалы басып шығарыў режелестирилип, 2-11-класс оқыўшылары ушын Қарақалпақ тили (мәмлекетлик тил) сабақлығына 1 миллиард 510 мың 724 сум ажыратылып, 200200 мың дана сабақлық, ал Қарақалпақстан тарийхы сабақлығына 766 млн 400 мың сум ажыратылып, 146100 дана сабақлық улыўма орта билим бериў мектеплери китапханаларына жеткерип берилди. 11-класс ушын Қарақалпақстан тарийхы сабақлығын жеткерип бериў бойынша да жумыслар алып барылмақта.

Ҳәр оқыў жылы ушын Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министирлиги тәрепинен тастыйықланатуғын улыўма орта билим бериў мектеплериниң Таяныш оқыў режеси тийкарында оқыў саатлары бөлистирилетуғын болғанлықтан қарақалпақ тили (мәмлекетлик тили) ҳәм Қарақалпақстан тарийхы пәни ушын белгиленген саатлардан артықша оқытыў имканы жоқ. Оқыў режесинде бул пәнлерге қосымша саат ажыратыў мүмкиншилиги жоқлығы себепли Таяныш оқыў режесиндеги айырым сабақларды қысқартыў есабынан қарақалпақ (мәмлекетлик) тили пәни, ал

Қарақалпақстан тарийхы пәни Өзбекстан ҳәм жәҳан тарийхы пәнлери қурамында оқытылып келинбекте.

Буннан тысқары, арзада көрсетип өтилген шайыр Михаил Луконин ҳаққында мағлыўматларды оқыўшыларға таныстырыў ҳаққындағы усынысыңызды 2022-2023-оқыў жылында басып шығарылыў режелестирилген қарақалпақ тили ҳәм әдебияты сабақлықларына киргизиў бойынша авторларға усыныс киритилетуғынлығы билдирилди.

Алдағы ўақытлары билимлендириў сапасын жақсылаў бойынша пикир-усынысларыңыз бенен Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине ямаса Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине мүрәжаат етиўге ҳуқықы бар екенлиги түсиндирилди ҳәм министрликтиң 2021-жыл 31-марттағы 03-01/09-1568-санлы хаты менен жуўап берилди.

**(хат нусқасы қоса тигиледи)**

**Министр** **Р.Реимов**

Таярлаған: Қ.Жубанов
Тел: 222-11-80

0QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, tel (061) 222-24-63, faks 222-98-30,
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«31» Март 2021 j. 03-01/09-1568 - sanlı

**Нөкис қаласы ХББ қараслы 46-санлы кәнигелестирилген улыўма билим бериў мектеби директорының орынбасары Т.Нурумбетовқа**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, 2021-жыл 25-март күни Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри атына жоллаған арзаңыз бойынша төмендегилерди мәлим етип билдиреди:

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2019-жыл 13-майдағы "Улыўма орта билим бериў ҳаққында" ғы 292-санлы қарарының 1-қосымшасы менен тастыйықланған үлги тийкарында улыўма билим бериў мектеплериниң 9-11-класс оқыўшыларына шаҳадатнома ҳәм аттестатлар бериў белгиленген. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2019-жыл 21-майдағы 178-санлы буйрығы тийкарында 2018-2019-оқыў жылынан баслап питкериўшилерге берилетуғын аттестат (шаҳадатнома) бланкалары арнаўлы принтерлерде шығарылып, Өзбекстан Республикасындағы барлық билимлендириў мәкемелери ушын бирдей формада болғанлығы ушын, Қарақалпақстан Республикасындағы оқыў басқа тиллерде алып барылатуғын (рус, қазақ, түркмен) классларда қарақалпақ тили (мәмлекетлик тил) ҳәм Қарақалпақстан тарийхы пәнлерин питкериўшиге берилетуғын аттестат (шаҳадатнома) бланкада көрсетиў имканы жоқ. Бул машқаланы шешиў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине 2020-жыл 16-июль сәнесинде 01-01/1-1943-санлы хат жиберилди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018-жыл 7-октябрьдеги 361-санлы Бийлиги тийкарында 5-11-класс оқыўшылары ушын Қарақалпақстан тарийхы сабақлықларын баспадан сапалы басып шығарыў режелестирилип, Қарақалпақ тили (мәмлекетлик тил) сабақлығына 1 миллиард 510 мың 724 сум ажыратылып, 200200 мың дана сабақлық, ал Қарақалпақстан тарийхы сабақлығына 766 млн 400 мың сум ажыратылып, 146100 дана сабақлық улыўма орта билим бериў мектеплери китапханалары фондына жеткерип берилди. 11-класс ушын Қарақалпақстан тарийхы сабақлығын жеткерип бериў бойынша да жумыслар алып барылмақта.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен тастыйықланатуғын улыўма орта билим бериў мектеплери ушын таяныш оқыў реже тийкарында оқыў саатлары бөлистирилетуғын болғанлықтан қарақалпақ тили (мәмлекетлик тили) ҳәм Қарақалпақстан тарийхы пәни ушын белгиленген саатлардан артықша оқытыў имканы жоқ. Ҳәзирги ўақытта бул пәнлер басқа сабақлар есабынан ҳәм усы пәнлер қурамында оқытылып келинбекте. Буннан тысқары, бул пәнлердеги материалларды оқыўшыларға толық жеткериў муғаллимниң кәсиплик шеберлигине байланыслы болып, пидайы устаз қосымша мағлыўматлар менен пән дөгереклеринде қызықлы өтиўине толық мүмкиншиликлер жетерли.

Арзада көрсетилип өтилген, Михаил Луконин ҳаққында мағлыўматларды оқыўшыларға таныстырыў ҳаққындағы усынысыңызды 2022-2023-оқыў жылында басып шығарылыў режелестирилген қарақалпақ тили ҳәм әдебияты сабақлықларына киргизиў бойынша авторларға усыныс етиледи.

Алдағы ўақытлары билимлендириў сапасын жақсылаў бойынша пикир-усынысларыңыз бенен Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине ямаса Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине мүрәәжат етиў ҳуқықыңыз бар екенлигин қосымша билдиремиз.

**Министр орынбасары** **Ш.Тажимуратов**

Таярлаған: К.Жубанов
Тел: 222-11-80

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

3/215 -son **KVITANSIYA**

(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)

buyurtma 3/п ________ qabul qilishda

(jo`natma turi) (alohida belgisi)

Qayerga Нокус Калаcы

Kimga П Курмубетов

Og`irlik ________ g.

Jo`natish uchun to`lov ________ so`m ________ tiyin

**Qabul qildi** ________

(imzo)

*Қарақалпақстан Республикасы Халық*
*билимлендириў министрлиги жанындағы*
*РОМО тарийх пәни методисти Д.Якияевага*

*2021-жыл 25-март күни билдирген мүрәжәтиме Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен 31.03.2021ж. №03-01/09-1968 хаты келди. Методист Д.Якияева менен саубетлесиў алып барылды. Саубетлесиу барысында муражатимде "Тарийх" пани бойынша билдирген усынысларым инабатка алынганлыгын айтып өтти.*

*Методистке миннетдаршылык билдирип, берилген пунктлер бойынша берилген жуўапларга қанаатландым.*

*46-санлы мектептиң руўхый-агартыў*
*ислери бойынша дирекор орынбасары,*
*қарақалпақ тили пәни оқытыўшысы:* Т.Нурумбетов

06.04.2021г.